

Pran Vaksen COVID-19 la pou 2024-2025

Yo rekòmande tout moun ki gen 6 mwa oswa plis pou yo resevwa **omwen yon dòz** vaksen COVID-19 2024-2025 la.*

- **Timoun ki gen ant 6 mwa ak 11 an** ka resevwa vaksen Pfizer oswa Moderna.
- **Moun ki gen 12 an oswa plis** ka resevwa vaksen Pfizer, Moderna oswa Novavax.



REKÒMANDASYON CDC DAPRÈ KATEGORI LAJ:



6 MWA-4 AN

- Resevwa omwen yon dòz.
- Kantite total dòz yo depann de kantite ak kalite vaksen COVID-19 ou te resevwa deja.**



5-11 AN

- Resevwa yonsèl dòz.



12-64 AN

- Resevwa yonsèl dòz.
- Si w resevwa Novavax epi ou pa t janm pran vaksen COVID-19 avan, yo rekòmande w resevwa de dòz.



65 AN AK PLIS

- Resevwa 2 dòz, ak dezyèm dòz la 6 mwa apre premye a.
- Si w resevwa Novavax epi ou pa t janm pran vaksen COVID-19 avan, yo rekòmande w resevwa de dòz, epi yon twazyèm dòz apre 6 mwa.



JWENN AK RESEVWA YON VAKSEN!

- nj.gov/health/vaccines/covid-19 oswa eskane kòd QR la:
- cdc.gov/covid/vaccines/stay-up-to-date.html



* Gen diferan rekòmandasyon pou moun ki gen sistèm iminitè modere oswa gravman febli. Pou plis enfòmasyon, vizite cdc.gov/covid/index.html.

** Pale ak founisè swen sante w la pou w asire w w ap resevwa vaksen ki pi bon pou ou. Pou plis enfòmasyon, vizite cdc.gov/covid/vaccines/stay-up-to-date.html.